# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–25 दिसंबर 2024 भोजपुरी समाचार

पूर्व प्रधानमंत्री अटल बिहारी वाजपेयी के 100वां जयंती के आजु पूरा राज्य में सुशासन दिवस के रूप में मनावल गईल। एह मौका पर राज्य के सज्जो सहरन में कई गो आयोजन भइल आ ओकरा जरीया से अटल जी के व्यक्तित्व आ काम के याद कइल गइल।. महाराजगंज में केंद्रीय वित्त राज्यमंत्री पंकज चौधरी येह मौका पर अटल बिहारी वाजपेयी के जीवनी पर आधारित प्रदर्शनी के उद्घाटन कईले। कार्यक्रम के संबोधित करत केंद्रीय मंत्री कहले कि जब देश राजनीतिक अस्थिरता से जूझत रहे त अटल जी स्थिरता अउर सुशासन के बढीया मॉडल पेश कईले। जौनपुर में राज्य सरकार के मंत्री दयाशंकर मिश्रे दयालू पूर्व प्रधानमंत्री के मूर्ति के माला पहिरा के श्रद्धांजलि देले अउर उनसे जुड़ल अपन याद सभा के संगे साझा कईले।

**********

रक्षामंत्री राजनाथ सिंह अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ में गोमती नदी के किनारे कुड़िया घाट पर बनल पूर्व प्रधानमंत्री अटल बिहारी वाजपेयी के मुरती क अनावरण कइले। येक मौका पर उहां के मुरती के बनावे वाले अमर पाल सिंह के सम्मानित कइलीं। रक्षामंत्री अटल संकलप क प्रतिज्ञों दियवले। ओहर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ येह मौका पर भारतीय जनता पार्टी के कार्यालय में आयोजित भइल एगो खास प्रदर्शनी क उद्घाटन कइलें। येह मौका पर उहां के पूर्व प्रधानमंत्री के कार्यकाल मे लिहल गइल ऐतिहासिक फैइसलों के बतउली।

**********

पूर्व प्रधानमंत्री अटल बिहारी वाजपेयी के जन्मदिन के मौका पर लखनऊ क लोकभवन में आजु सुसासन विषय पर संगोष्ठी का आयोजन कइल गइल। संगोष्ठी के बतौर मुख्य अतिथि संबोधित करत रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह कहले कि अटल जी के अगुवई वाला सरकार के सुसासन क डंका पूरहर दुनिया में बजल। उनकर अगुवाई के दौरान आजादी के बाद पहिलि बेर देस का विकास दर आठ दशमलव चार फिसदी ले पहुंचल। रक्षामंत्री कहलें कि अटल जी जवन नया भारत का सपना देखले रहले प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी ओके पूरा कइले में जुटले हइन।

**********

पूर्व प्रधानमंत्री भारत रत्न अटल बिहारी वाजपेयी के जन्मदिन पर प्रदेश सरकार अजोध्या में रामायण क प्रसंग माता सीता की खोज क थीम पर एगो भूल भुलैया तैयार करवले हवे। सीसा से तइयार कइल गइल ये भूल भुलैया के आजु लोकार्पित कइ दिहल गइल। तीन करोड़ अस्सी लाख रूपिया के लागत से बनल भूल भुलैया में सरधालुअन के माता सीता के खोज कइले के हौ अउर ई कार करत करत उहां से बहरे निकर आवे के हौ। ये भूल भुलैया मे एक्के साथ खाली बीस लोगि जा सकेले। ई भिन्ही दस बजे से राति आठ बजे ले खुलल रही।

**********

काशी हिन्दू विश्वविद्यालय के मालवीय भवन में आजु से तीन दिन ले चले वाला पुष्प प्रदर्शनी सुरू भइल। प्रदर्शनी क उद्घाटन कुलगुरू प्रोफेसर संजय कुमार कइले। ई प्रदर्शनी में अलगि–अलगि तरह के फूल सजावल गइल हौ। बोनसाइ प्रजाति के पौधा का प्रदर्शनी में खास आकर्षण रहल।

**********

भारत रत्न महामना पंडित मदन मोहन मालवीय क जयंती आजु प्रदेश भर में मनावल जा रहल हौ। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु अपने सोशल मीडिया अकाउंट एक्स पर एगो संदेश के जरिया से महामना के श्रद्धांजलि दिहले। उहां के कहली कि महामना जी सच्चे अर्थ में राष्ट्र क अराधक रहल। उहां के बनारस हिन्दू विश्व विद्यालय के स्थापना कइ के आधुनिक शिक्षा पद्धति से नौजवानन के चरित्र निर्माण क नेयी धइले। गोरखपुर के मदन मोहन मालवीय प्रौद्योगिकी विश्व विद्यालय में येह मौाक पर संगोष्ठी क आयोजन कइ के मालवीय जी के व्यक्तित्व अउर काम के याद कइल गइल। बनारस के कासी हिन्दू विश्वविद्यालय मे येह मौका पर कई गो आयोजन कइल गइल।

**********

प्रदेश भर में आजु क्रिसमस क तिउहार सरधा, भक्ति अउर हसी खुशी के साथे धूमधाम से मनावल जा रहल हौ। इसाई समाज के लोगि प्रभू ईसा मसीह के जन्मदिन पर उन्हे यादि कइ रहल हवे अउर एक दूसरे के परब क बधाई दे रहल हवे। येह मौका पर सज्जों गिरजा घरन के आकर्षक ढंग से सजावल सवारल गइल हौ। लोगि आसे पासे के गिरजा घर मे जा के प्रभू युसू बदे सरधा निवेदित कइले। कइ जगहिन पर परव के लेके क्रिसमस मेले क आयोजना कइल गइल हौ। कई गो जगहिन पर कैरोल गायन क कार्यक्रमो आयोजित कइल गइल हवे।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी ओन्तीस दिसम्बर के आकाशवाणी पर मन की बात कार्यक्रम में देस–बिदेस के लोगिन के साथ आपन बिचार साझा करिहें। ई मासिक रेडियो कार्यक्रम क एक सौ सतरहवीं कड़ी होई। कार्यक्रम बदे लोगि आपन बिचार अउर सुझाव टोल फ्री नम्बर एक आठ सुन्न सुन्न एक एक सात आठ सुन्न सुन्न के जरिये दे सके लें। सथहीं, नरेन्द्र मोदी ऐप आ चाहे माई जीओवी ओपेन फोरम के जरिये ऑनलाइनों साझा कइ सके लें। सुझाव येह महिन्ना के सत्ताइस तारीख ले मंजूर कइल जाई।

**********